# SHOMANAY RAYONI JUMABAY JIRAW BAZAROV ATINDAǴI 13-SANLI BALALAR MUZIKA HÁM KÓRKEM ÓNER MEKTEBI.

*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gulmaryam***
*Ózbekstan mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı*
*"Ulıwma kásiplik hám social-gumanitar pánler kafedrası"*
*"Muzıkatanıw" qániygeligi*
*1-kurs studenti:* ***Dáuletyarova Ǵaziynexan***

**Annotaciya:** Bul maqalada Shomanay rayonı Jumabay jıraw Bazarov atındaǵı 13-sanlı muzıka hám kórkem óner mektebınıń ashılıw táriyxı, jáne de muzıka mektebıne miynetı singen ullı insanlar haqqında sóz ótiledı. Soń házirgi kúnde muzıka mektebinde arnawlı bólimler ushın professional kadrlar jetispegenligi haqqında da keńnen aytıp ótiledı.

**Gilt sózlerı:** Balalar muzıka mektebı, direktor, pedagog, oqıwshı, tálim, jetiskenlik, koncert.

**Аннотация**: В статье рассказывается об истории открытия школы музыки и изобразительных искусств №13 имени Жумабай жырау Базарова в Шуманайском районе , а также о взрослых людях , принявших участие в музыкальной школе. Широко рассказывает о том, что в музыкальных школах не хватает профессиональных кадров для обучения специальным отделениям.

**Ключевые слова:** Музыкальная школа, директор, педагог, ученик, образование, достижение, концерт.

**Annotation**: In this article we will talk about the history of the opening of the School of Music and Fine Arts No 13 named after Jumabay Jirav Bazarov in Shomnay district and about the elderly people who signed a contract for the school of music Son Hazirgi daily speaks widely about the lack of professional personnel in music schools for special classes.

**Keywords:** Children's music school, director, teacher, student, teacher, adult, concert.

Balalar muzıka hám kórkem óner mektebları Qaraqalpaqstan ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimliklerınıng qararı menen shólkemlestiriledi. Ózbekstan Respublikası Prezidentınıń "Balalar muzıka hám kórkem óner mektebleri iskerligin jáne de, jetilistiriw boyınsha 2016-2020 jıllarǵa mólsherlengen mámleket dástúrı tuwrısındaǵı" 2015-jıl 20-noyabrdaǵı PQ-2435 sanlı qararına muwapıq Ózbekstan Respublikası Ministler Kabinetı qarar qıladı:

1. Balalar muzıka hám kórkem óner mektebleri tuwrısındaǵı nızam qosımshaǵa muwapıq tasdiqlansın.

ISSN 2181-3187

2. Ózbekstan Respublikası Xalıq tálimi ministrligi eki ay múddette Ózbekstan Respublikası finans ministrligi menen kelisken túrde: balalar muzıka hám kórkem óner mekteplerin muzıka ásbapları, arnawlı mebeller, ásbap úskeneler hám basqada úskeneler menen támiynlensin.

Balalar muzıka hám kórkem óner mektep oqıwshılardıń qızıǵıwshılıqları hám mútajliklerine kóre, olardıń dóretiwshilik múmkinshiliklerin jáne de rawajlantırıwǵa jóneltirilgen muzıka (fortepiano, tarli asbaplar, estrada atqarıwshılıǵı, xalıq sazları, demli hám urma asbaplar, dástúriy asbap atqarıwshılıǵı, dástúriy qosıqshılıq, akademikalıq qosıqshılıq, estrada qosıqshılıǵı ) hám xoreografiya, teatr kórkem óneri, suwretleytuǵın hám ámeliy kórkem óner) jónelisleride óz iskerligin ámelge asıradı.

Respublikamızda muzıka mádeniyatına bolǵan talapların qanaatlandırıw, sonday-aq bul tarawǵa arnawlı maǵlıwmatqa iye qániygelerdı tayarlap, sawatlı jaslardı jetilistiriw maqsetınde Qaraqalpaqstan Respublikası húkimetiniń qararı menen 1972-jılı Shomanay rayonında Jumabay jıraw Bazarov atındaǵı balalar muzıka hám kórkem óner mektebı shólkemlestirildi. Eń dáslep bul muzıka mektebıne atama berilmey tek ǵana mekteptıń sanı menen atalatúǵın bolǵan, soń 2016-jıl Ózbekstan xalıq baqsısı, Qaraqalpaqstan xalıq jırawı Jumabay Bazarov atı menen atalatúǵın bolǵan. Jumabay jıraw Bazarov haqqında toqtalıp ótetúǵın bolsaq, J.Bazarov 1927-jılı Turkmenistan Respublikası házirgi góne Urgenish rayonında dúnyaǵa kelgen. Ol muzıkaǵa qızıqǵanlıǵı ushın 1950-jılı Qońıratqa kelip Esemurat Nurabullaevqa shákirt boladı, hám ustazınan terme-tolǵawlardı, dástanlardı úyrenedı. Jumabay jıraw ustazınan úyrengen dástanlardı yadlap, toy-merekelerdı qızdırıp júrgende, onı Shomanaydıń mádeniyat bóliminiń baslıǵı Edenbay Reymov ózi menen islesiwge mirát etedı. Solay etip, Jumabay jırawdıń miynet jolı Shomanay rayonlıq mádeniyat bóliminde dawam ettiriledi. Jumabay jıraw Bazarov qaraqalpaq qobız namaların dúnya boylap tanıstırǵan ataqlı jıraw. Ol 1989-jılı iyun ayında Shomanay rayonlıq mádeniyat bóliminiń “Gúlpaq” xalıq ansambli menen Chexoslavakiyada doslıq saparda bolǵan bolsa, 1993-jılı Moskvada joqarı oqıw orınlarında oqıp atırǵan student jaslardıń Nawrız milliy bayramına qatnasıp qobızda jır tolǵap atqarıp qaytǵan.

Balalar muzıka hám kórkem óner mektebiniń ataması Jumabay jıraw Bazarov atına qoyılǵanınıń sebebı, búl ullı ınsan qaraqalpaqtıń terme hám batırlıq dástanların, atap aytqanda Alpamıs, Edige, Shárayar, Qoblan, Qırq qız, Ershora, Erkosay, Máspatsha dástanların tolǵatıp, qaraqalpaqtı dúnya júzine tanıtqan, belgili jıraw J.Bazarovqa uqsaǵan elge tanıqlı ınsanlar shıǵadı degen maqsette atama qoyılǵan. Muzıka mektebiniń eń birinshi basshısı Sulayman Saǵındıkov bolıp tabıladı. Ol eń dáslep muzıka mektebine mádeniyat tarawına qızıǵatúǵın balalardı oqıwǵa qabıllaǵan hám eń dáslep 3 qániygeli jónelis boyınsha bayan, dombra jáne de fortepiano klasslarınan sabaq bere baslaǵan.

S.Sağındıkov dáslep óziniń qániygeligi yağniy, dombra ásbabı boyınsha shákirtlerın tayarlap olarğa ilim, bilim hám tárbiya bergen. Sol dáwırlerde bul tarawlar boyınsha professional qániygeler bolmağan. S.Sağındıkovtıń ózı 3 jónelis boyınsha balalardı oqıta baslağan. Ol muzıka mektebinde 1972 jıldan 1988 jıl aralığına shekem basshılıq lawazımında islep, sol aralıqta muzıka mektebinde bir qansha bólimler ashılıp hám rawajlana baslağan. Keyin ala muzıka tarawı qániygelerı, atap aytqanda rubab, duwtar, doyra jáne de solfedjio klassları boyınsha oqıtıwshılar pitkerip kelip qatarı kóbeyıp, 1988-jılğa shekem qáliplesip hám bul qániygelı oqıtıwshılar jaslarımızğa muzıka bilim sawatın bere baslağan. S.Sağındıkovtıń Shomanay rayonı muzıka mektebınıń ashılıwında úlesı júda úlken, jalğız ózı ayanbastan miynet etip, kóplegen shákirtlerdı tayarlap shığarğan. Jáne de bul ullı ınsan 1972-jılı Shomanay rayonında “Aqsıngúl” duwtarshı qızlar ansamblınıńda tiykarshısı bolıp tabıladı. S.Sağındikovtıń tiykar salğan “Aqsıngúl” duwtarshı qızlar ansamblındağı shákirtlerine toqtalıp ótetúğın bolsaq Esangalieva Gulnar, Jańabaeva Xamar, Jańabaeva Sáwle, Matova Raziya, Nabieva Zoya, Narshabaeva Bibihal Aliya Sveta, Sağındıkova Xarlığa Mayra Sholpan, Dosmağambetova Ajar Rayxan, Qadirova Venera Zamiralar usı ansamldı elge tanıtqan qızları bolıp easplanadı.

Balalar muzıka hám kórkem óner mektebınde 1988-2000 shı jılğa shekemgı aralıqta Asan Niyetullaev basshı lawazımında jumıs alıp barğan. Sol waqıtlardan baslap muzıka mektebı jáne de rawajlanıp, qáliplesıp hám keńeyıe baslaydı. Soń bir qansha bólimler atap aytqanda, xalıq sazları, fortepiano, kórkem óner, ayaq oyın bólimlerı ashıla baslağan. 2000 shı jıldan 2007 jılğa shekemgı aralıqta Úsen Niyetullaev, soń 2007 jılda 2016 jılğa shekem Jumabay jıraw Bazarovtıń ulı Tobanazar Bazarov basshı lawazımında islegen. 2011 jılı T.Bazarov basshılığı waqtında muzıka mektebı taza ımaratqa kóship ótken. Bul birinshi Prezidentimizdıń 910-sanlı qararında kórsetip ótilgen hám oqıw imaratı 150 orınğa mórsherlenip salıngan. Házırgı kúnde 276 oqıwshıdan ibarat bolıp olardan birinshi baslawısh klassta oqıytın oqıwshılardıń sanı 91, ekinshi klassta 62, úshinshi klassta 40, tórtinshi klassta 31, besinshi klassta 38, altınshı klassta 6, pitkeriwshi oqıwshilardıń sanı bolsa 8 oqıwshıdan ibarat.

2016 jıldan baslap házirgı kúnge shekem Erimbetov Anvar basshı (direktor) lawazımında, al basshı orınbasarı lawazımında bolsa Nájimov Maxmud jumıs alıp barmaqta. Muzika oqıw dárgayında joqarı hám orta mağlıwmatlı qániygelerdıń sanı 42 oqıwshıdan ibarat. Bulardan 19 joqarı mağlıwmatlı, al 23 orta mağlıwmatlı. Muzıka mektebinde házirgı waqıtqa shekem kóplegen bólimler ashılıp jası úlken, jası kishi oqıtıwshı qániygeler jumıs alıp barmaqta. Atap aytatúğın bolsaq xalıq sazları bóliminde bayan-akkardeon klassı boyınsha Úsen Niyetullaev, milliy muzıka bólimi qobız-jırawshılıq klassı boyınsha Tobanazar Bazarov, baqsıshılıq klassınan Qadirova Zamira, qashqar rubab klassı boyınsha Ubiniyaz Orınbaev, Turmanov Nawrız dáp boyınsha, Abbazova Ayzada kesteshilik klasında, Ibragimova Shárigúl, Jumamurarova

Aysawle topar klass solfedjio pánı boyınsha házırgı kúnde muzıka mektebinde jumıs alıp barmaqda. Milliy muzıka baqsıshılıq klassı boyınsha 13 qániygelı oqıtıwshılar jaslarǵa bilim berip kelmekde. Fortepiano klassı hám konsertmeysterlıq boyınsha bir qansha qániygelı oqıtıwshılar, atap aytqanda Muslim Nariman, Sultaniyazova Venera, Awezova Ziwar, Qudaybergenov Sabit, Jalimbetova Malika hám taǵı da basqa oqıtıwshılar islep kelmekde, hám de kóplegen shákirtlerdı tayarlap xalıq aralıq konkurs, festival jáne de konsertlerde oqıwshıların qatnastirip olarǵa bilim, ilim hám tárbiya berip atır. Shomanay rayonı balalar muzıka hám kórkem óner mektep oqıtıwshı hám oqıwshılarına aldındaǵı mashaqatlı oqıwlarına hám jumıslarına úlken tabıslar tilep qalamiz.